# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 अक्टूबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भदोही में अंतरराष्ट्रीय कालीन मेला क औपचारिक उद्घाटन कइलें। भदोही, मिर्जापुर अउर वाराणसी क्षेत्र के वस्त्र उद्योग क प्रमुख केंद्र बतावत श्री योगी कहलें कि उनकर सरकार कारीगरन अउर सिल्पकारन के हुनर के मंच दिहले क काम कइले हवे। मुख्यमंत्री कहलें  भदोही में पहिले भय अउर आतंक क माहौल रहे बाकिर आजु अन्तर्राष्ट्रीय मेला लगि रहल हवे। श्री योगी कहलें कि हाले में नोएडा में अन्तर्राष्ट्रीय मेला क आयोजन कइल गइल रहे, जवने में प्रदेस के सज्जो जिलन के कारीगर अउर सिल्पकार लोगि अपने उत्पाद के दुनिया भर से आइल लोगिन के सामने परदरसित कइलें। उहां के कहलीं कि प्रदेस में एक महिन्ना के भित्तरे दुइ गो अन्तर्राष्ट्रीय मेला क आयोजन येह बाति क प्रमाण हउवे कि भाजपा सरकार एक जनपद–एक उत्पाद योजना अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मेक इन इण्डिया प्रोजेक्ट के आगे बढ़वले क कार कइ रहलि हउवे।

मुख्यमंत्री सिल्पकारन के कौशल विकास अउर प्रौद्योगिकी के गठजोड़ पर जोर दिहलें। उहां के कहलीं कि एक जनपद–एक उत्पाद अउर विश्वकर्मा श्रम सम्मान योजना प्रदेस के निर्यात के पछिला चारि बरिस में करीब अढ़ाई सौ गुना बढ़वले में मददि कइले हवे।

***हमें अपने हस्तशिल्पी और कारीगरों को आगे बढ़ाना होगा। यह हमारी बहुत बढ़ी ताकत हैं। उत्तर प्रदेश सरकार ने सन–2018 में अपने परम्परागत उत्पादों को प्रमोट करने के लिये वन डिस्ट्रिक्ट वन प्रोजेक्ट की योजना चलायी है। अपने परम्परागत हस्तशिल्पियों और कारीगरों के लिये अच्छी ट्रेनिंग हो, उसको मान्यता मिले, उनको उन्नत किस्म के टूल्स प्राप्त हों, इसके लिये विश्वकर्मा श्रम सम्मान योजना में उत्तर प्रदेश में एक्सपोर्ट को मात्र 4 वर्ष के अन्दर ही जबकि 4 वर्ष में 3 वर्ष कोरोना जैसी वैश्विक महामारी के कारण जाना जाता है, तब भी उत्तर प्रदेश के एक्सपोर्ट को लगभग ढाई गुना बढ़ाने में इसमें मदद मिलल है।***

**********

प्रदेस में आजु सघन मिशन इंद्रधनुष के तिसरका फेरा क सुरूआत हो गइल। गोरखपुर में मुख्य चिकित्साधिकारी डॉक्टर आशुतोष कुमार दुबे पिपरौली सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र से जिला में टीकाकरण अभियान क सुभारम्भ कलें। सघन मिशन इंद्रधनुष के जरिये कउनहूं नाते नियमित टीकाकरण से छूटि गइल पांच बरिस तक के लइकन अउर गरभवती मेहरारून क टीकाकरण कइल जाई। मुख्य चिकित्साधिकारी बतवलें कि गरभावस्था में दुइ बेरि अउर लइकन के पांच बरिस तक के उमिरि ले सात बेरि टीका लगवावल जरूरी हउवे। ओहीं, बलरामपुर जिला में बंजारनपुरवा में आयोजित टीकाकरण सत्र से जिला में सघन मिशन इंद्रधनुष क सुरूआत भइल।

**********

वाराणसी मण्डल क अपर निदेसक स्वास्थ्य डॉ मंजुला सिंह अउर मुख्य चिकित्साधिकारी डॉ संदीप चौधरी आजु बनारस में चौकाघाट सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र से सघन मिशन इंद्रधनुष के तिसरका अउर अन्तिम फेरा क सुभारम्भ कइलें। येह दौरान उहां के जनमतुआ लइकन के पोलियोरोधी दवाई पियवलीं। नियमित टीकाकरण बूथ पर कइ गो लइकन के मीजल्स–रूबेला के सथहीं अउरियो टीका लगावल गइल। एकरे अलावे सज्जो आठ बलाक स्तरीय सामुदायिक अउर प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्रनों पर सघन मिशन इन्द्रधनुष के तिसरका फेरा क सुरूआत भइल।

**********

भारत निर्वाचन आयोग आजु पांच राज्यन– मध्य प्रदेश, छत्तीसगढ़, राजस्थान, तेलंगाना अउर मिजोरम में विधानसभा चुनाव कार्यक्रम क घोसणा कइ दिहलस। येह पांच राज्यन में विधानसभा चुनाव सात नवम्बर से तीस नवम्बर के बिच्चे करावल जाई, जबकि ओटे क गिनती तीनि दिसम्बर के होई। छत्तीसगढ़ के अलावे बाकी चारि राज्यन में एक्के फेरा में मतदान होई। मिजोरम में सात नवम्बर के, मध्य प्रदेश में सतरह नवम्बर के, राजस्थान में तेइस नवम्बर के अउर तेलंगाना में तीस नवम्बर के ओट डारल जाई। ओहीं, छत्तीसगढ़ में पहिला फेरा क मतदान सात नवम्बर के अउर दुसरका फेरा क मतदान सतरह नवम्बर के होई।

**********

बनारस में भारतीय जनता पारटी के महिला कार्यकरता लोगि महिला आरक्षण अधिनियम के खुसी में आजु धन्यवाद मार्च निकरलिनि। ई मार्च सर्किट हाउस से सुरू हो के कचहरी ले गइल। हाथ में धन्यवाद क तख्ती लिहले महिला लोगि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क जयघोस करत चलत रहलिनि। धन्यवाद मार्च क अगुआई करे वाली मुमताज बानों कहलिनि कि महिला आरक्षण अधिनियम के बाद महिला लोगिन क विधानसभा अउर संसद में प्रतिनिधित्व बढ़ी, जवने से ऊ अपने मुद्दा के अउरियो जोर–सोर से उठा सकिहें।

**********

पूरा प्रदेस से आजु औपचारिक रूप से मानसून क बिदाई हो गइल हउवे। येह सालि राज्य में औसत बरखा दरज कइल गइल। दीर्घकालिक औसत के मोताबिक प्रदेस में येह सालि सतरह फीसदी कम बरखा भइल। पूरबी उत्तर प्रदेस में औसत से ओन्तीस फीसदी कम जबकि पच्छिमी उत्तर प्रदेस में औसत से तीनि फीसदी जियादे बरखा दरज कइल गइल। सबसे जियादे बरखा बिजनौर में जबकि सबसे कम बरखा भदोही में भइल। प्रदेस क खाली पांच जिलन में एक हजार मिलीमीटर आ चाहे एहसे जियादे बरखा भइल। एहमें बिजनौर, बाराबंकी, मुरादाबाद, गोरखपुर अउर बदायूं सामिल हउवे।

**********